



Apre Yon Dyagnostik Lesemi



Lesemi se yon kansè nan selil san ki kòmanse nan mwèl zo (yon tisi tip eponj ki anndan pifò zo yo). Mwèl zo se kote nouvo selil san yo fèt. Si yo te di w fè lesemi, ou te pwobableman deja fè analiz san ak yon byopsi mwèl zo (yon tès ki pran kèk tisi pou verifye prezans kansè). Gen lòt tès ki te ka fèt sou selil kansè yo pou tcheke kèk pwoteyin ak chanjman jèn ke yo rele byomakè. Ou ka te fè lòt pwosedi tou. Tès sa yo ede doktè w konnen ki tip lesemi ou genyen ak ki tretman ki pi bon pou ou.

Tip lesemi yo

Yo rekonèt lesemi kòm yon tip kansè likid. Li pa anjeneral fòme yon timè solid tankou pifò kansè yo.

Gen plizyè tip lesemi. Li ka devlope vit (**egi**) oswa devlope lantman (**kwonik**). Li kòmanse nan selil **myeloyid** san oswa nan selil **lenfosit** san.

Tip lesemi ki pi komen yo se:

- Lesemi lenfosit egi (ALL, in English)
- Lesemi myeloyid egi (AML, in English)
- Lesemi lenfosit kwonik (CLL, in English)
- Lesemi myeloyid kwonik (CML, in English)
- Lesemi myelomonosit kwonik (CMML, in English)

Adilt yo ka gen lesemi egi oswa kwonik nan swa tip myeloid oswa lenfosit. Timoun ak adolesan pi souvan genyen lesemi egi nenpòt tip. Gen kèk lesemi ki gen sou-tip ak stad. Sa enfòme doktè w nan ki nivo li avanse ak ki tretman ki ka pi efikas. Doktè w ka ba w plis enfòmasyon sou lesemi w.

Tretman pou lesemi

Gen plizyè fason pou trete lesemi. Tretman w pral depann de tip, sou-tip, ak stad kansè w, epi lòt pwoblèm sante ou ka genyen.

Lesemi egi

Pifò tip lesemi egi yo grav anpil. Tretman an dwe kòmanse touswit. Li souvan entans epi long, epi anjeneral dire apeprè 2 zan.

Tretman yo pi souvan kòmanse ak chimyoterapi intravenez (IV chemo). Yo ka ajoute lòt tretman, tankou terapi medikaman sible. Yo ka fè yon grèf selil souch apre premye pati tretman an.

Tretman timoun yo ka diferan de pa adilt yo.

Lesemi kwonik

Se pa tout tip lesemi kwonik ki dwe trete touswit. Si tretman nesesè, yo ka rekòmande chimyoterapi, terapi medikamn sible, oswa grèf selil souch.

Asire w ke w mande:

- Ki tip lesemi mwen genyen?
- Ki sou-tip ak stad li? Kisa sa vle di?
- Ki lòt bagay ou te aprann nan rezulta tès mwen yo?
- Èske m ap bezwen fè plis egzamen oswa tès byomakè?
- Ki objektif tretman an?
- Ki opsyon tretman mwen genyen? Kisa ou panse ki pi bon pou mwen e poukisa?
- Èske yon grèf selil souch ap bon pou mwen?
- Èske gen esè klinik k ap fèt pou tip lesemi mwen an?

A kisa pou m atann mwen anvan ak pandan tretman an

Doktè kap trete lesemi w lan ka yon ematològ (doktè san) oswa yon onkològ (doktè kansè). Tou depan de tip tretman ou bezwen an, ekip swen kansè w lan ka gen ladan diferan doktè, enfimyè, ak lòt pwofesyonèl swen sante.

Pa egzanp, si ou bezwen chimyoterapi, ou pral pase atravè plizyè faz oswa sik tretman avèk tès epi egzamen nan mitan yo. Ekip swen kansè w lan a ap ede w konprann a kisa pou w atann ou anvan, pandan, ak apre chak faz tretman. Yo pral eksplike kijan yo bay li, ede w prepare pou li, swivi kijan w ye, epi ede w jere nenpòt efè segondè. Ou pral gen pou fè tou analiz san, eskanè, oswa lòt tès nan sèten moman pou verifye efikasite tretman w lan.

Se pa tout moun k ap fè tretman pou lesemi ki pral gen menm efè segondè yo. Pa egzanp, efè segondè chimyoterapi yo diferan de efè segondè terapi sible yo.

Li komen pou gen chanjman nan kantite selil san w pandan tretman lesemi. Sa ka fè w gen plis risk pou w pran enfeksyon. Ou ka santi w tou trè fèb ak fatige pafwa. Si w ap resevwa gwo dòz chimyoterapi, sa ka fè efè segondè w yo vin pi mal.

Asire w ke w mande:

- Ki efè segondè mwen ta ka genyen? Kisa mwen ka fè pou yo? Èske w atann ke y ap grav anpil?
- Kijan n ap fè konnen si tretman mache?
- Konbyen fwa m ap resevwa tretman? Konbyen tan li pral dire?
- Ki kote yo pral bay tretman mwen an? Si y ap entène m lopital, pou konbyen tan m ap rete?
- Èske mwen pral kapab kontinye fè aktivite m konn fè yo?
- Ki prekosyon espesyal mwen dwe pran?

A kisa pou m atann mwen apre tretman an

Apre tretman an, doktè w ap ede w jere nenpòt efè segondè ou ka genyen. Ou pral gen tou anpil egzamen ak tès pou verifye prezans selil lesemi.

Pou kèk moun, lesemi an ka pa disparèt konplètman. Yo ka kontinye resevwa tretman, epi tès yo pral toujou nesesè pou verifye efikasite li.

Moun ki te fè lesemi yo a risk pou yo genyen li ankò oswa pou yo fè kèk lòt tip kansè. Menm lè ou santi w byen apre ou fin fè tretman, li enpòtan pou mande ekip swen kansè w la yon kalandriye regilye pou fè tès swivi pou verifye si lesemi w lan retounen.

Asire w ke w mande:

- Konbyen fwa map gen pou m wè ekip swen kansè mwen an?
- Kilè ak kijan mwen ta dwe kontakte yo?
- Èske m ap bezwen fè plis tès san ak byopsi mwèl zo?
- Chak kilè map bezwen fè yo?
- Èske m ap bezwen fè lòt tès pou m wè si kansè m nan retounen, oswa pou m verifye si gen pwoblèm ki lye ak tretman mwen an?



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit Entènèt Sosyete Kansè Ameriken (American Cancer Society) nan cancer.org/haitiancreole oswa rele nou nan **1-800-227-2345**. Nou la lè w bezwen nou.

- Èske gen efè segondè an reta oswa alontèm?
- Èske m ap bezwen fè tès depistaj pou detekte lòt kansè byen bonè?
- Ki kote mwen ka jwenn dosye medikal mwen an?

Rete an sante

Asire w ke w di doktè w oswa ekip swen kansè a si nenpòt efè segondè tretman pa ale oswa si ou gen nenpòt nouvo sentòm.

Gen bagay ou ka fè pou ede kenbe tèt ou an sante pandan ak apre tretman an. Sa gen ladan manje byen, rete aktif, genyen epi kenbe yon gwo sè nòmal, epi pa fimen. Pafwa, ou ka santi w fèb epi fatige. Rete aktif ka ede. Lesemi ka fè w gen plis tandans pou pran enfeksyon, kidonk ou dwe siveye siy yo epi pwoteje tèt ou de moun ki malad. Mande ekip swen kansè w enfòmasyon sou siy enfeksyon yo, ak kijan pou jere fatig ou ak lòt sentòm yo.

Jere emosyon w yo

Lè w gen lesemi sa ka fè w santi w izole, pè, tris oswa strese. Li nòmal pou w santi emosyon sa yo, e gen fason pou ede w fè fas ak yo.

- Pa eseye jere emosyon w yo pou kont ou. Pale de yo, kèlkeswa sa yo ye.
- Li nòmal pou santi w tris oswa deprime detanzantan, men fè ekip swen kansè w konnen si w santi emosyon sa yo pandan plis pase kèk jou.
- Si doktè w di w sa NÒMAL, kontinye fè bagay ou renmen fè tankou pase tan deyò, ale nan sinema oswa evènman espòtif, oswa ale nan dine.
- Jwenn èd nan aktivite tankou fè manje ak netwaye.

Ou ka kontakte zanmi, fanmi, oswa lidè reliye oswa gwoup. Gwoup konsèy oswa sipò kapab ede tou. Di ekip swen kansè w kijan ou santi w. Yo ka ede w jwenn bon sipò.

